

Kisa pou w fè pou Dyare

Dyare se lè w fè pou pou ki mou oswa dlo anpil fwa nan yon jounen avèk oswa san malèz. Li rive lè dlo nan trip la (kolon oswa entesten) pa absòbe a nouvo nan kò a. Dyare ka mennen nan pèt apeti, dezidratasyon, doulè nan vant, enfeksyon, ak feblès.



Kisa ki lakòz dyare kay moun ki gen kansè?

Anpil bagay ka lakòz dyare kay yon moun ki gen kansè, sa yo enkli:

- Chimyoterapi, terapi sible, oswa iminoterapi
- Terapi radyasyon nan abdomen (vant)
- Enfeksyon
- Kèk medikaman
- Kèk tip kansè, tankou pankreya, estoma, ak kolorektal
- Chiriji ki retire pati nan trip yo
- Estrès
- Manje manje ki pa fè w byen
- Blokaj nan yon pati nan trip la ki sèlman pèmèt likid pase



Kijan yo trete dyare?

Jere dyare gen ladan trete kòz la osi byen ke sentòm ou ka genyen yo. Pa egzanzp:

- Dyare ki soti nan yon enfeksyon ka nesosite antibiyotik oswa lòt medikaman.
- Medikaman kont dyare yo ka itilize si kòz dyare a pa yon enfeksyon.
- Yo itilize estewoyid pou dyare ki koze pa iminoterapi.
- Si w trè dezidrate akòz yon dyare, ou ka bezwen likid ak elektwolit.



Kisa w ka fè pou ede w jere yon dyare?

Mande ekip swen kansè w si w gen chans pou w gen dyare pou nenpòt rezon. Si w kòmanse gen dyare, konsèy sa yo ka ede.

Eseye manje ak bwè bagay sa yo:

- Likid klè, tankou dlo, te lejè, ji pòm, bouyon klè, ak jelatin klè
- Manje sale, tankou bouyon, bwason enèjetik, ti biskwit, ak pretzels
- Manje ki gen anpil potasyòm, tankou kèk ji fwi tankou ji pòm ak nektar, bwason enèjetik, pòm detè ak po, ak bannann
- Ti manje ki fasil pou dijere, tankou diri, nouy, poul san po, pen blan, pire pòm detè, soup ki pa gen anpil sèl, ak ze ki byen kwit

Pa manje, pa bwè, ni pa sèvi ak bagay sa yo:

- Manje ki cho anpil oswa ki gen anpil epis
- Bwason asid, tankou ji tomat, ji agrim (egzanzp sitwon, zoranj etc) ji prune, ak bwason ki gen gaz
- Manje ki gen anpil fib, tankou nwa, grenn, grenn antye, pwa, fwi sèk, ak fwi ak legim kri
- Manje ki gen anpil grès, tankou manje fri
- Bwason ki gen kafeyin oswa alkòl
- Chiklèt san sik ak sirèt ki fèt ak alkòl sik (sa vle di, sorbitol, mannitol, oswa xylitol)
- Patisri, sirèt, desè rich, ak jele
- Lèt oswa pwodwi ki gen lèt. Yogout ak babè yo anjeneral Ok.
- Tabak



Kisa w ka fè pou w santi w pi byen?

- Bwè ti likid regilyèman pandan tout jounen an pou anpeche dezidratasyon. Eseye sisèt glase, jelatin, ak bato glason. Mande ekip swen kansè w la ki kantite likid ki san danje pou ou.
- Manje ti kantite manje ak ti goute souvan pandan jounen an.
- Eseye bwè omwen 1 tas likid apre chak fwa ou pou pou pou mou.
- Netwaye dèyè w apre chak pou pou ak papye absòban mouye epi savon dou, rensè, epi sèche pandan w ap tapote. Oswa sèvi ak ti sèvyèt ti bebe san sant pou netwaye tèt ou.
- Aplike nan dèyè w yon pomad ki pa kite dlo pase, tankou pomad vitamin A&D oswa pomad petroleum.
- Chita nan yon basen dlo tyèd oswa fè yon beny syèj.



Ki lòt bagay ou ka fè?

- Make kantite fwa ou pou pou yo pou w rapòte yo bay ekip swen kansè ou.
- Pran medikaman pou dyare jan ekip swen kansè w lan di w fè sa.
- Verifye avèk ekip swen kansè w anvan ou itilize nenpòt medikaman dyare san preskripsyon.
- Yon fwa dyare a sispann, kòmanse manje ti manje regilye.
- Kòmanse manje dousman manje ki gen fib.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

- Ou pou pou mou plizyè fwa pa jou, sof si ekip swen kansè w lan di w pou w atann ou ak sa.
- Ou pou pou mou 7 oswa 8 fwa nan 24 èdtan.
- Ou santi tèt ou ap vire oswa ou santi w anvi pèdi konesans.
- Dyare a pa amelyore oswa vin pi mal pandan w ap pran medikaman ekip swen kansè w te di w pran.
- Ou gen san nan pou pou w oswa ozalantou anus ou.
- Ou pa pipi pandan 12 èdtan oswa plis.
- Ou pa ka kenbe likid pandan 24 èdtan oswa plis.
- Ou gen nouvo doulè nan vant, kranp, oswa yon vant anfle.
- Ou gen lafyè. Ekip swen kansè w ap di w ki tanperati yon lafyè ye.
- Ou te gen konstipasyon pou plizyè jou epi ou kòmanse pase ti kantite pou pou likid.



Lè pou rele 911 oswa ale nan Ijans

Rele 911 oswa ale nan ijans si ou:

- Ap senyen nan rektòm ki pa vle kanpe
- Gen gwo doulè, toudenkou, nan vant ki pa vle kanpe
- Pa ka pipi oswa manje pandan yon jou oswa plis



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.